



Pou Piblikasyon Imedya: 30/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE PREMYE FAZ NOUVO KREDI TAKS POU LÈ SIPLEMANTÈ KI RANBOUSAB DISPONIB POU ANPLWAYÈ AGRIKÒL YO AN 2024**

***Ankouraje kiltivatè ki elijib yo pou yo anrejistre kounye a epi kòmanse kenbe dosye pou peryòd 1 janvyè – 31 jiyè a pou yo ka resevwa ranbousman nan fen ane sa a***

***Kredi a fè pati nan plan Gouvènè a pou ranfòse kiltivatè New York yo, sipòte travayè yo ak atenn objektif pwodiksyon manje yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman nouvo pòtal davans Kredi pou Lè Siplèmantè pou Anplwayè Agrikòl Eta a, ki kounye a ouvri pou fèmme yo enskri epi kòmanse prepare dokiman yo pral bezwen pou aplike pou ranbousman. Pita ane sa a, anplwayè agrikòl ki elijib yo ka aplike nan Depatman Agrikilti ak Mache a pou yon sètifika peman davans lè siplemantè ki elijib yo peye anplwaye pa yo ant 1e janvyè ak 31 jiyè 2024. Pandan sezon taks la ap ouvri, opòtinite sa a fè pati plan Gouvènè Hochul la pou sipòte fèmme New York yo atravè yon seri nouvo kredi taks ki ogmante ak lòt inisyativ.

"Fèmme nou yo ak travayè agrikòl nou yo esansyèl, epi mwen vle fè tout sa ki nan pouvwa mwen pou asire yo ka pwospere nan travay yo pou pote pwodwi fre lokal yo sou tab Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kredi pou Lè Siplèmantè pou Anplwayè Agrikòl la se yon gwo pati nan sa, li diminye chaj taks pou biznis agrikòl nou yo pandan l ap pèmèt yo kontinye sipòte anplwaye k ap travay di yo. Mwen ankouraje tout kiltivatè ki elijib yo pou yo aprann plis sou pwogram sa a, pou yo anrejistre epi pou yo pale ak moun k ap prepare taks yo pou yo ka pare pou aplike nan fen ane sa a."

Kredi pou Lè Siplèmantè pou Anplwayè Agrikòl la se yon kredi taks ranbousab ki disponib pou anplwayè agrikòl ki elijib ki peye salè pou lè siplemantè apre 1e janvyè 2024, dapre entwodiksyon pwogresif sèy lè siplemantè nan Eta New York la. Fèmme yo ka aplike pou kredi ranbousab sa a si yo oswa biznis yo:

- se yon [fèmme ki elijib](#); ak
- yo anplwaye travè agrikòl ki kalifye ke yo te peye lè siplemantè ki elijib yo.

Nou ankouraje aplwayè fèm yo pou prepare pou aplike ane sa a lè yo pran etap sa yo:

- Asire ke yo anrejistre pou yon [ID NY.gov](#) atravè [My.NY.gov](#).
- Pran [evalyasyon pou kalifikasyon anplwayè agrikòl la](#) pou detèmine si yo (anplwayè agrikòl la) prevwa satisfè kondisyon revni kiltivatè elijib yo pou kalite taks yo ranpli nan fen ane fiskal la.
- Diskite sou pwogram nan ak konseye taks ak pewòl yo pou asire yo kenbe dosye ki nesèsè yo pandan peryòd 1e janvyè – 31 jiyè ane sa a.
- Anrejistre fèm yo nan pòtal sou entènèt la kounye a si yo planifye pou aplike pou peman davans an 2024. Ou ka jwenn aksè ak pòtal aplikasyon an lè w vizite [taxcredit.agriculture.ny.gov](#).
- Fakiltativman, chwazi pou delege otorite nan yon reprezantan (pa egzanp, yon moun k ap prepare taks), ki ka ranpli epi soumèt aplikasyon an nan non anplwayè agrikòl la nan fen ane a.

Yon gid itilizatè pou ede fèm yo ak etap preparasyon sa yo disponib nan [agriculture.ny.gov/user-guide-farm-employer-overtime-credit-advance](#).

Aprè 31 jiyè, anplwayè fèm yo ka telechaje dokiman pewòl sipò yo sou pòtal la epi soumèt bay Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) pou yon sètifika peman davans lè siplemanntè elijib ki peye ant 1e janvyè ak 31 jiyè. Aplikasyon yo dwe soumèt bay AGM anvan 30 septanm. Aprè revize kalifikasyon an, AGM pral bay chak anplwayè agrikòl yon sètifika peman davans. Avèk yon sètifika peman davans, pwopriyetè kiltivatè oswa biznis ki apwouve yo (pa egzanp, patnè oswa moun ki gen enterè) kapab mande yon pati nan peman davans nan Depatman Enpo ak Finans (Department of Tax and Finance, DTF) Eta New York la. Ou dwe fè demann sa a pa pita pase 1e novanm, lè sèvi avèk [sèvis sou entènèt](#) nan sit entènèt DTF la.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon ak resous, ki gen ladan dat enpòtan yo ak yon tablo kote evènman edikatif k ap vini yo ap disponib lè yo pwograme yo, sou sitwèb Depatman Agrikilti ak Mache a nan [agriculture.ny.gov/farming/farm-employer-overtime-credit-advance](#) ak sitwèb DTF la nan [tax.ny.gov/pit/credits/farm-employer-overtime-credit.htm](#). Yo ka voye kesyon yo nan [farmOTAdvance@agriculture.ny.gov](#) oswa [\(518\) 457-7076](#).

**Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te deklare,** "Mendèv agrikòl la se yon pwoblèm enpòtan, epi nou nan Eta a ap travay di pou asire fèm yo gen resous yo bezwen pou sipòte mendèv yo epi pandan y ap atenn objektif pwodiksyon manje pa yo. Mwen ankouraje kiltivatè yo pou yo gade resous nou genyen ki disponib yo, pou yo aprann plis sou pwogram Kredi pou Lè Siplemanntè pou Anplwayè Agrikòl la, epi pou yo pale ak konseye taks ak pewòl yo pou asire yo ka patisipe nan gwo opòtinite sa a."

Gouvènè Hochul te kreye Kredi pou Lè Siplemanntè pou Anplwayè Agrikòl la kòm yon pati nan [angajman Eta Leta 2022 a](#) pou ede fèm yo fè fas ak defi depans travay agrikòl yo, ki se pami depans ki ogmante pi rapid nan pwodiksyon agrikòl la nan New York. Plan te kreye yon kredi enpo ranbousab pèmanan sou lè siplemanntè yo pou

nenpòt gwochè fèm lan nan Eta New York, pou konpanse ogmantasyon kou pou agrikiltè yo. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te ogmante yon kredi enpo sou mendèv ki egziste deja epi li te elaji yon kredi taks sou envestisman pou ekipman pou konplete mendèv la ak rezoud mank yo.

Ane sa a, [diskou sou Sitiyasyon Eta 2024 Gouvènè Hochul la gen ladan](#) plizyè pwopozisyon ak envestisman enpòtan pou bay yon ogmantasyon nan endistri letye ak agrikòl New York yo, devlope pwogram devlopman mendèv, epi ogmante lidèchip ak opòtinite edikasyon pou jèn yo. Inisyativ sa yo fèt pou ranfòse endistri agrikòl la epi ankouraje yon avni ki pi rezistan pou sektè agrikòl, manje ak forè nou yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)